

Chanjman Ki Pwopoze Pou Tarif MTA yo

Odyans yo pral fèt sou chanjman ki pwopoze nan tarif yo a distans sou Zoom ak an pèsòn nan lokal, dat, ak lè ki mansyone pi ba a. Nou envite piblik la pou l di sa l panse sou pwopozisyon chanjman yo, ki nan rezime ki pi ba a, ki gen rapò ak, lè sa aplikab, tarif New York City Transit Authority (NYCT) ak anèks li yo, Manhattan and Bronx Surface Transit Operating Authority (MaBSTOA), Konpayi MTA Bus (MTA Bus), ak Staten Island Rapid Transit Operating Authority (SIR); Long Island Rail Road (LIRR); ak Metro-North Railroad (Metro-North).

Pwopozisyon pou tarif yo pèmèt yo analize plis opsyon chwa epi ogmantasyon tarif yo ka mwens pase montan maksimòm ki mansyone yo. Aprè odyans yo, aprè yo fin analize kòmantè piblik la, Konsèy Administration MTA a ak ajans afilye li yo pral deside ki chanjman tarif pou yo chwazi.

Akoz espas yo limite, sa anpeche nou pibliye nan jounal chak pwopozisyon ki fèt pou nouvo tarif. Pou plis detay sou chanjman ki ka fèt sa yo, tanpri ale sou <https://new.mta.info/2023-fare-hearings>, li enfòmasyon nou poste nan estasyon MTA yo ak sou tablo ki gen afich sou fòma elektwonik nou yo, oswa rele Liy Dirèk Pou Odyans Piblik la nan 646-252-6777.

Aprè odyans yo, yo ka aplike youn oswa plizyè nan chanjman yo pwopoze yo ki mansyone annapre a:

NYCT, MaBSTOA, MTA Bus, SIR

Tarif pou Tren (NYCT), Otobis Lokal (NYCT, MaBSTOA, ak MTA Bus), ak SIR: Frè de Baz pou Ale senp (nan moman an li \$3.00 pou Tikè Ale senp, ak \$2.75 pou pèman kach oswa Pay-Per-Ride MetroCard ak OMNY):

- Mete pou pi plis 15 santim sou tarif de baz pou pèman kach la, Pay-Per-Ride MetroCard ak OMNY epi mete 25 santim sou tarif debaz la pou Tikè Ale senp.

Tikè pou Trajè San Limit:

- Ogmante pri yon Trajè San limit 7-Jou (nan moman an li \$33.00) pou l rive jiska \$34.00.
- Ogmante pri yon Trajè San limit 30-Jou (nan moman an li \$127.00) pou l rive jiska \$132.00.
- Ogmante pri yon Trajè San limit 7-Jou pou Express Bus Plus (nan moman an li \$62.00) pou l rive jiska \$64.00.

Tarif pou Express Bus (NYCT ak MTA Bus):

- Ogmante tarif ale senp pou Express Bus (nan moman an li \$6.75) pou l rive jiska \$7.00.

Tarif pou Sèvis Paratransit (nan moman an li \$2.75):

- Ogmante tarif ale senp pou Sèvis NYCT Access-A-Ride Paratransit pou l rive nan montan ogmantasyon Tarif Debaz Subway Pay-Per-Ride la, si genyen.

Règleman pou Rabè:

- Règleman anrapò ak rabè nan Tarif pou Moun aje/Kliyan ki gen andikap/Paratransit yo (sof si nou ta di yon lòt bagay) p ap chanje.

LIRR ak Metro-North

Pa Mwa, Pa Semèn, ak Lòt Kalite Tikè

- Monte Pri Tikè Pa Mwa yo ak Pa Semèn yo jiska 4.5%
- Monte pri tout lòt kalite tikè yo jiska 10%
- Ka gen ogmantasyon nan tarif Espesyal ki gen Rabè sou yo, tarif pri yo monte pandan w nan vwayaj la, ak tarif pou trajè ki vin pi long yo ki plis pase ogmantasyon maksimòm ki otorize pou tarif debaz paske yo awondi yo.

Tarif UniTicket ak Tarif pou Transfè Ale senp:

- Monte tarif transfè pou Hudson Rail Link jiska 50 santim, pou Haverstraw-Ossining Ferry jiska 50 santim, epi pou Newburgh-Beacon Ferry jiska 25 santim.
- Monte tarif transfè pa mwa pou Hudson Rail Link ak Haverstraw-Ossining Ferry jiska \$1.75, epi pou Newburgh-Beacon Ferry jiska 50 santim.
- Monte tarif ale senp pou Hudson Rail Link jiska 15 santim, transfè ale senp pou Haverstraw-Ossining Ferry jiska 25 santim epi tarif pou Moun ki granmoun/kliyan ki andikape yo jiska 10 santim.
- Monte tarif pa semèn pou konekte sèvis bis NYC lokal yo (NYCT, MaBSTOA ak MTA Bus) jiska 25 santim, ak frè pa mwa yo jiska \$1.75.
- Monte tarif pa semèn pou Bis Uniticket pou Nassau Inter-County Express (NICE) UniTicket jiska 50 santim e tarif pa mwa jiska \$2.25.

Dat ak Lè Odyans Piblik K ap Fèt Nan De Fason an

Ap gen kat (4) Odyans Piblik k ap fèt de fason pou bay enfòmasyon e pou resevwa kòmantè sou chanjman ki pwopoze pou tarif MTA yo nan dat ak lè ki mansyone pi ba a. Moun ki ta renmen pale yo ap gen de (2) minit pou yo fè sa.

Jedi 22 jen 2023, 10 a.m. – 2 p.m.

Jedi 22 jen 2023, 6 p.m. – 9 p.m.

Vandredi 23 jen 2023, 10 a.m. – 2 p.m.

Lendi 26 jen 2023, 6 p.m. – 9 p.m.

Kote Odyans yo ap Fèt

Tout odyans piblik yo ap fèt an pèsòn nan Syèj Sosyal MTA a ki nan 2 Broadway, 20yèm Etaj – William J. Ronan Board Room, New York, NY 10004, a distans ak an dirèk sou <https://new.mta.info/2023-fare-hearings>.èò

Tren: **R** **W** rive Whitehall St, **4** **5** rive Bowling Green (estasyon ki bay aksè), **1** rive South Ferry, (estasyon ki bay aksè), **J** **Z** rive Broad St

Otobis: M15, M15 SBS, M20, M55, SIM1, SIM35

Bato Staten Island nan Tèminal Bato South

Enskripsyon pou Odyans Piblik

Pou w anrejistre pou w pale nan odyans piblik k ap fèt nan de fason e k ap fèt a distans yo, tanpri anrejistre sou entènèt sou <https://new.mta.info/2023-fare-hearings> oswa rele Liy Dirèk Odyans Piblik la nan 646-252-6777. Ajan nan telefòn yo disponib apati 6 a.m rive 10 p.m. Lè Nòmal nan Lès chak jou. Enskripsyon pou chak odyans piblik ap ouvri Vandredi, 2 jen 2023 e l ap fèmen nan kòmansman odyans lan. Tout kòmantè yo pral ekri epi yo pral fè pati dosye odyans y ap konsève.

Ou dwe anrejistre alavans pou w pale nan yon odyans piblik k ap fèt nan de fason. Chak moun ki vle pale pou yo fè kòmantè pa yo ap gen de (2) minit pou yo fè sa. Odyans yo pwograme pou twa oswa kat èdtan. Pou chak odyans piblik, n ap asepte moun k ap anrejistre jiskaske nou gen 240 minit (4 èdtan) pou moun nan piblik la k ap pale. Si sa rive toujou ret moun ki vle pale ki enskri lè n fin rive nan limit 240 minit kòmantè moun nan piblik la, se sèl moun ki vle pale ki enskri ki pa t gen posibilite pou yo pale nan lòt odyans piblik sou tarif yo pou 2023 a k ap gen chans pou yo pale. Anplis, nan tout odyans yo, y ap bay moun ki vle pale ki pa t gen posibilite pou yo pale nan lòt odyans piblik sou tarif yo pou 2023 a k ap gen priorite pou yo pale.

Patisipe nan Odyans Piblik la A Distans

Si w anrejistre pou w pale e w ap patisipe nan odyans piblik la a distans, ou ka konekte nan lè odyans lan ap fèt la swa sou entènèt oswa nan telefòn ou lè w suiv enstriksyon ki annapre yo:

Konekte sou Zoom sou entènèt: Pou jwenn konekte nan reyinyon Zoom sou entènèt la, ale sou sit entènèt la ki se: <https://mta.zoom.us/j/82020291036>. Ou ka mete lyen zoom.us/join nan tou epi antre nimewo ID Reyinyon an ki se 820 2029 1036.

Konekte sou Zoom nan Telefòn: Pou w konekte nan reyinyon Zoom nan sou telefòn, tanpri relle +1 646 518 9805. Epi antre ID Reyinyon an ki se 820 2029 1036, epi peze siy dyèz (#) la.

Opsyon pou w Gade Sèlman Sou Entènèt: Moun ki nan piblik la ki ta renmen annik gade odyans lan ka konekte nan evènman an andirèk sou <https://new.mta.info/2023-fare-hearings>.

Pou w voye kesyon w ale pandan odyans lan, ou dwe konekte nan odyans lan sou aplikasyon sou entènèt Zoom nan. Ou ka voye kesyon w yo ale nenpòt lòt lè nan fason ki mansyone pi ba yo (Gade "Lòt Fason Pou W Fè Yon Komantè Oswa Mande Enfòmasyon"). Anplwaye yo ka reponn kesyon sou chanjman tarif ki pwopoze a pandan oswa aprè odyans lan.

Lòt Fason Pou W Fè Kòmantè Oswa Pou W Mande Enfòmasyon

Sou entènèt: <https://new.mta.info/2023-fare-hearings>

Lapòs: MTA Government & Community Relations,
Attn: Fare Hearings, 2 Broadway, 17th Floor, New York, NY 10004.

Telefòn: (646) 252 6777, Ajan nan telefòn yo disponib apati 6 a.m jiska 10 p.m chak jou.

Sèvis Aksesiblite ak Sèvis Èd pou kesyon Lang



Ap gen Sèvis Lang Siy Ameriken ak Soutitraj CART k ap disponib.

Manm nan piblik la ki soud oswa ki tande di yo ka itilize sèvis transmisyon yo vle a oswa yo ka itilize sèvis transmisyon gratis 711 lan, epi mande pou yo konekte yo nan nimewo Odyans Piblik lan ki se (646) 252-6777 pou yo pale ak yon ajan.

Manm nan piblik lan ki avèg oswa ki pa wè byen ka mande aranjman nan dat 15 jen 2023 oswa anvan sa, lè yo voye yon demann sou entènèt sou <https://new.mta.info/2023-fare-hearings> oswa lè yo rele Liy Dirèk Odyans Piblik lan nan (646) 252-6777.

Manm nan piblik lan ki pa gen aksè a yon òdinatè oswa ki pa gen aksè a entènèt ka tande chak odyans yo lè ou rele reyinyon Zoom nan sou 1-646-518-9805 (gratis). Epi antre ID Reyinyon an ki se 820 2029 1036, epi peze siy dyèz (#) la.

Si w bezwen èd pou kesyon lang oswa nenpòt ki lòt aranjman, tanpri voye yon demann omwen senk (5) jou ouvrab anvan dat odyans lan gen pou l fèt la nan youn nan fason ki annapre yo: sou entènèt sou <https://new.mta.info/2023-fare-hearings>, rele Liy Dirèk Odyans Piblik la nan (646) 252-6777, oswa voye yon lèt bay MTA Government & Community Relations, Attn: Fare Hearings, 2 Broadway, 17th Floor, New York, NY 10004. Pou moun ki mande èd pou lang yo, MTA ap bay enfòmasyon ki tradui konsènan pwosesis odyans lan epi l ap asire l yo tradui tout kòmantè piblik yo resevwa nan yon lang ki pa anglè, sa gen ladan l transkripsyon odyans lan, ak rezime pou Komite MTA a.

